Pasadena Lakes Elementary School
Janet C. Williams, Principal
8801 Pasadena Blvd.
Pembroke Pines, FL 33024
phone: 754-323-6900
Janet.Williams@browardschools.com
www.browardschools.com/xxxxxxx

The School Board of Broward County, Florida

Debra Hixon, Chair
Sarah Leonardi, Vice Chair

Lori Alhadeff
Maura McCarthy Bulman
Adam Cervera, Esq.
Dr. Jeff Holness
Nora Rupert
Rebecca Thompson
Dr. Allen Zeman

Dr. Howard Hepburn
Superintendent of Schools

Title I Parent/Guardian Information for Required Dissemination

1. **Plan Patisipasyon Paran ak Fanmi nan lekòl (*School Parent and Family Engagement Plan*)**: Nan kad Plan Amelyorasyon Lekòl, estaf lekòl la ak paran/gadyen devlope ansanm yon plan. Plan an pwopoze pou tout fanmi aktivite patisipasyon ki va enplimante diran tout anne a epitou evalyasyon pwogram patisipasyon paran ak fanmi, lane pase. Plan sa disponib sou sitweb lekòl la https://pasadenalakes.browardschools.com/ Si ou ta renmen jwenn yon kopi enprime plan an pou egzamine li oswa ou bezwen tradiksyon, tanpri kontakte Lisa Morrow nan nimewo telefòn 754-323-6900.

2. **Plan Patisipasyon Paran ak Fanmi nan Distri a (LEA - *District Parent and Family Engagement Plan*)**: Estaf Distri a ak paran/gadyen devlope plan an. Plan an pwopoze aktivite patisipasyon paran ak fanmi ki dwe enplimante diran anne eskolè a epi evalyasyon pwogram patisipasyon paran ak fanmi lane pase. Plan sa disponib sou: https://resources.finalsite.net/images/v1751395484/browardschoolscom/refq09lof2y1enpfswix/PFEPPendingApproval.pdf. Si ou ta renmen revize yon kopi papye plan sa a oswa si ou bezwen yon tradiksyon, tanpri kontakte **Patricia Ciceron**, Espesyalis Pwogram Federal la nan **754-321-1400**.

3. **Referans pou Excellent Student Thinking (B.E.S.T.)/The Florida Assessment of Student Thinking (FAST)/Tès evalyasyon selon nòm Florid (FSA)/Done evalyasyon onivo Leta ak LEA/Kanè eskolè,** nòt lekòl, rapò evalyasyon onivo leta: Rapò Responsablite Lekòl Piblik gen plizyè kalite done (endikatè) ki prepare pou enfòme paran/gadyen ak piblik la sou pwogrè lekòl piblik Florid. Rapò sa satisfè tout kondisyon lwa federal Chak Elèv Reyisi (ESSA) ekzije pou pwodi rapò sa-yo epitou bay sèten enfòmasyon ki ka enterese piblik la sou akonplisman lekòl Florid. Diplis Depatman Edikasyon Florid pibliye nòt lekòl ak rezilta tès evalyasyon lekòl Florid. Rapò sa-yo disponib sou sit https://www.fldoe.org/accountability/accountability-reporting/school-grades/. Si ou ta renmen jwenn kopi enprime rapò yo oswa ou bezwen tradiksyon, tanpri kontakte Lisa Morrow nan nimewo telefòn 754-323-6900.